


GID PREPARASYON POU IJANS CONNECTICUT



Lè w fin li gid sa a,
tanpri mete li yon bon kote
pou w toujou ka konnen
kote pou w jwenn li.



ANNDAN W AP JWENN:

ASOSYASYON ETA A NAN PREPARASYON POU IJANS.....	
.....Kouvèti ki anndan an	
SA OU MENM AK FANMI OU BEZWEN FÈ	1
PLANIFIKASYON POU MOUN KI MALAD	2
SA OU DWE EKRI YON KOTE	3
SA OU BEZWEN FÈ SI GEN YON IJANS	4
DEZAS NATIRÈL.....	5
IJANS BYOLOJIK	6
IJANS CHIMIK	6
IJANS NIKLEYÈ AK RADYOLOJIK	7
IJANS GRIP PANDEMI	8
IJANS NAN DLO POU BWÈ	8
BLAKAWOUT	9
NIMEWO TELEFÒN AK SITWÈB ENPÒTAN.....	Sou do a

ASOSYASYON ETA CONNECTICUT NAN PREPARASYON POU IJANS

Chak nan ajans ak komisyon eta Connecticut yo travay pou bay nivo ijans pou preparasyon Connecticut la jarèt.

Depatman Sèvis Ijans ak Pwoteksyon Piblik Connecticut (DESPP) la responsab plan ak pwosedi ijan eta a. DESPP ede tout 169 vil ak vilaj Connecticut yo, ak de nasyon tribi nan planifikasyon ak repons pou yon ka ijan.

Depatman Sante Piblik la (DPH) responsab pou pwoteje ak pwomouvwa sante ak sekirite moun Connecticut yo. DPH travay ak anpil asosyasyon, tankou depatman sante lokal, tribi nasyon, lopital, lapolis ak lòt ajans leta ak asosyasyon nan kominote a k ap travay ak nou. Yo ede nou rasire nou eta a gen metòd ak ekipman pou ede pwoteje sante moun yo pandan yon ijans.

LOT ASOSYASYON KI TRAVAY AK ETA A

Rezo Televizyon Connecticut (CTN)

Depatman Sèvis Administratif

Depatman Agrikilti

Depatman Timoun ak Fanmi

Depatman Pwoteksyon Konsomatè

Depatman Koreksyon

Depatman Sèvis Devlopmanal

Depatman Edikasyon

Depatman Pwoteksyon Enèji ak Anviwònman

Depatman Travay

Depatman Sèvis Sante Mantal ak Depandans

Depatman Sèvis Sosyal

Depatman Transpòtasyon

Depatman Militè

Biwo Regleman ak Jesyon

Biwo Egzaminatè Medikal Prensipal la



SA OU MENM AK FANMI OU BEZWEN FÈ POU NOU PREPARE

ENFÒME TÈT OU AK FANMI OU

- Chèche konnen si gen okenn kote tou pre lakay ou ki kapab yon gwo danje oswa lakòz yon ijans tankou:
 - yon santral nikleyè
 - yon kote ki ka gen inondasyon, tankou yon tè ki tou pre yon rivyè oswa oseyan
 - batiman kote yo fabrike oswa kenbe pwodwi chimik
- Chèche yon kote ki pa gen danje ou ka ale. Si yo mande w pou w evakye (kite lakay ou), ou kapab ale:
 - kay yon fanmi
 - kay yon zanmi
 - yon motèl, otèl oswa abri
- Aprann kisa ou dwe fè si ta gen yon ijans kote w ap travay la oswa nan lekòl oswa gadri pitit ou.
- Enskri nan Connecticut Emergency Alerting and Notification Systems [Sistèm Avètisman ak Notifikasyon Ijans Connecticut] pou yo voye mesaj ijans ba ou sou imèl ou oswa telefòn pòtab ou. Pou jwenn plis enfòmasyon ak pou enskri, ale sou www.ct.gov/ctaalert.

FÈ YON PLAN POU OU MENM AK FANMI OU

- Chwazi yon bon kote lakay ou kote ou ka ale si ta gen yon ijans.
- Chwazi de fason diferan pou soti nan kay la si w bezwen kite li.
- Chwazi yon kote pou fanmi a rankontre si nou ta separe pandan yon ijans.
 - Chwazi yon kote nan vwazinay ou a.
 - Chwazi yon kote ki pa nan vwazinay ou a.
- Chwazi kontak pou fanmi an - de moun ou menm ak yon tout moun nan fanmi an kapab rele si ou ta separe pandan yon ijans.
 - Chwazi yon moun ki abite nan menm eta ak nou.
 - Chwazi yon moun ki abite nan yon diferan eta ak nou.
 - Ekri nimewo telefòn kontak ou a yon kote epi asire w tout moun nan fanmi an gen yon kopi.
- Chwazi yon kote nou ka rete pandan detwa jou an ka ou ta bezwen kite kay ou.
- Chwazi yon bon kote ou ka mete bèt domestik ou yo si ta gen yon ijans.
- Ou dwe konnen kijan pou w fèmen elektrisite, gaz, ak dlo lakay ou an ka yo ta mande w pou fè sa.
- Tout moun dwe konnen plan an.

KREYE YON KIT AK ATIK POU IJANS

Si gen yon ijans nan zòn ou an, ou kapab pa ka jwenn manje, dlo oswa lòt bagay ou bezwen pou w ka viv. Epi tou, chofaj, dlo ak kouran kapab pa mache lakay ou. Se sa ki fè ou dwe kreye yon kit ak atik pou ijans epi kenbe li lakay ou. Kit la dwe gen ase atik pou ou menm ak fanmi ou pou omwen twa jou. Nan yon ka pandemi (maladi ki pete nan tout mond lan), yo kapab mande w pou rete lakay ou pandan plizyè semèn pou ede maladi a pa simaye. Ou t ap itilize kit sa a si yo di pou w rete lakay ou pandan yon ijans oswa pou w ale ak li si yo di w pou w evakye.

METE BAGAY SA YO NAN YON SAK OSWA YON KONNTENÈ POU KIT ATIK POU IJANS OU A:

- Yon bon kantite galon oswa boutèy dlo. Ou dwe gen omwen yon galon dlo pou chak moun lakay ou pou chak jou. W ap bezwen plis dlo si gen timoun, si gen yon moun k ap bay ti bebe tete, oswa si li fè cho.
- Manje:
 - manje nan bwat oswa bwat, sache, tankou soup, ton pwason ki tou kachte
 - manje ak ji ou pa bezwen kwit oswa mete nan frijidè
 - manje pou timoun piti oswa moun aje
- Yon aparèy pou ouvri bwat manje alamen, asyèt an papyè, kiyè ak fouchèt plastik ak yon bagay pou fè manje tankou yon ti rechò ki mache ak gaz. Si w ap itilize chabon oswa gaz al fè manje a deyò pou evite monoksid kabòn monte twòp.
- Klowòks ak yon kont gout (pou trete dlo)
- Sèvyèt an papyè, papyè ijèn, savon.
- Radyo, flach, ak telefòn selilè ki mache ak pil, ak kèk pil rezèv.
- Lenn/sak pou kouche, zòrye pou tout moun nan fanmi an.
- Rad rezèv pou tout moun nan fanmi an.
- Bagay ti bebe ak timoun piti bezwen tankou kouchèt, jwèt, ak liv.
- Kit premye swen. Sonje mete:
 - medikaman (sou preskripsyon, pou lafyèv, aspirin)
 - atik pou linèt ak kontak
 - lis doktè ou konn ale lakayyo ak nimewo telefòn ou
 - atik medikal (atik pou kolostomi, sereng ensilin)
- Sachè poubèl ak atik pou netwaye.
- Bagay bèt domestik ou ap bezwen tankou manje ak dlo, yon bagay pou pote bèt oswa kaj, medikaman, kòl, etikèt ak idantite ak dosye iminizasyon yo.
- Kle machin, kat kredi, lajan kach rezèv, ak enfòmasyon tankou nimewo sekirite sosyal ak batistè.
- Riban adezif ak fèy an plastik (al gade Jan Pou Bouche Chanm Nan paj 7).
- Yon kopi gid sa a.
- Foto manm nan fanmi a ak bèt domestik an ka nou ta separe epi w bezwen èd pou chèche yo.

Tcheke epi ranpli kit ou a chak detwa mwa pou asire w manje oswa pil yo pa te ekspire. Yon bon lè pou w fè sa se lè ou chanje revèy ou pandan otòn ak prentan. Ou kapab kreye kit ou an ti kras pa ti kras. Ou achte yon bagay, tankou yon bwat manje oswa batri, alafwa.

PLANIFIKASYON POU MOUN KI MALAD

Si ou menm oswa yon moun ou konnen gen yon pwoblèm, tankou difikilite pou li tande, wè, mache oswa pwoblèm medikal, ou kapab bezwen fè plis bagay toujou pou prepare pou yon ijans.

SI W GEN TIMOUN:

TIMOUN PITI kapab bezwen: lèt fòmila, kouchèt, bibon, medikaman, sèvyèt tou mouye pou siye yo, manje pou tibebe, dlo rezèv, jwèt, liv.

Lèt tete ka sove lavi pitit ou a epi kenbe li an sante pandan yon ijans. Lè w bay pitit ou a tete sa pwoteje li kont risk ki gen nan dlo kontamine. Epi tou li pwoteje pitit ou a kont pwoblèm pou respire ak dyare – maladi ki ka touye yon moun pandan yon dezaz. Li enpòtan pou bay pitit ou tete sitou lè gen blakawout, pa gen dlo ak lòt sèvis. Pou plis enfòmasyon, ale sou www.usbreastfeeding.org.

TIMOUN NAN LAJ POU GADRI/LEKÒL Si gen yon ijans pandan pitit ou lekòl oswa nan gadri, kote sa yo pral oblije pwoteje pitit ou a. Ou dwe konnen kisa plan an ye avan ijans la rive.

SI W SE YON MOUN AJE:

- Si w itilize yon ajans swen sante lakay ou, ou dwe fè yo konnen plans ijans fanmi ou ak ki moun pou yo kontakte si ta gen yon ijans.
- Di lòt moun nan fanmi an ki kote yo ka jwenn atik pou ijans yo epi montre yo kijan pou itilize nenpòt ekipman medikal espesyal ou genyen.
- Mete non ou sou ekipman espesyal tankou chèz woulant, baton, oswa lòt ekipman ki ede w mache.

SI W GEN YON ANDIKAP:

- Mande lòt fanmi ak zanmi pou ede w si ta gen yon ka ijan.
- Di lòt moun ki kote ou sere atik pou ijans ou yo.
- Bay yon moun konnen kle lakay ou.
- Mete yon etikèt/brasilè avètisman medikal pou moun ka konnen ki andikap ou genyen.
- Montre lòt moun kijan pou yo itilize ekipman medikal espesyal ou a.
- Si w gen ekipman medikal ki bezwen elektrisite epi ou bezwen al rete nan yon abri, mache ak yon kab.
- Si ou gen medikaman yo livre lakay ou epi ou bezwen evakye oswa al rete yon kote pou detwa jou, di konpayi ki konn voye yo ba ou a ki kote w ap rete. Sa pral pèmèt yo livre atik medikal ou bezwen yo.
- Si w bezwen dyaliz, chèche konnen ki kote ki gen sant tretman dyaliz ki tou pre ou.

Si w oblije rete nan yon otèl oswa motèl, pa bliye di moun ki nan resepsyon an ou pral bezwen èd si ta gen yon ijans. Di yo ki kalite èd ou kapab bezwen.

Vil ou rete a kapab gen yon lis moun ki gen andikap pou yo ka jwenn yo byen vit si ta gen yon ijans. Rele direktè jesyon ijans lokal oswa ponpye

nan vil ou a epi mande yo kijan yo kapab ede ou si ta gen yon ijans.

Fè yon "Kat Enfòmasyon Sante Pou Ijans" pou tèt ou epi ekri enfòmasyon sa yo ladan:

- Non, adrès, ak nimewo telefòn ou.
- Ki andikap ou genyen.
- Non, adrès, ak nimewo telefòn yon doktè, zanmi oswa fanmi ki konnen w epi ki konnen andikap ou a.
- Sa lòt moun bezwen konnen sou ou si yo twouve w epi ou pa gen konesans oswa pa ka pale ak yo, oswa si yo bezwen retire w lakay ou vit.
- Bezwen medikal:
 - medikaman ak ekipman espesyal ou bezwen
 - alèji oswa pwoblèm ak medikaman
 - si w gen pwoblèm pale ak moun oswa konprann yo
 - kalite tretman ou bezwen
 - kiyès ou vle ki pou trete ou
 - lang ou pale

Fè plizyè kopi kat sa a epi kenbe li nan kit atik pou ijans ou a, nan machin ou, nan pake chèz woulant ou a, nan travay, nan bous ou (dèyè lisans ou oswa kat idantite ou).

Pou telechaje yon kat vid ou ka ranpli, ale sou sitwèb sa a: www.ct.gov/dph/prepare.

Drug Name & Strength	Dose (gts, mLs, puffs, drops)	When to Take (AM or PM)

POU EDE TIMOUN YO SANTI YO MIYÒ PANDAN AK APRE YON IJANS

- Mande timoun ou yo pou yo pale sou nenpòt bagay ki fè yo pè. Kite yo poze w kesyon ak di ou kijan yo santi yo. Pale ansanm tankou yon fanmi sou ijans la.
- Bay timoun yo anpil lanmou. Di yo yo an sekirite. Sere ak anbrase yo souvan.
- Di timoun yo sa k ap pase a nan yon langaj senp pou yo ka konprann ou.
- Asire w yo konprann ijans la se pa fèt yo.
- Di timoun yo yo mèt retounen lekòl epi patisipe nan aktivite nòmal tankou jwe ak zanmi yo. Di yo yo kapab pale ak pwofesè yo sou ijans la tou.

SA OU DWE EKRI YON KOTE

KOTE POU W ALE PANDAN YON IJANS

Ekri kote moun nan fanmi an pase pifò nan tan yo: travay, lekòl, gadri, kay zanmi ak fanmi. Travay, lekòl, ak sant gadri yo dwe gen yon plan ijans. Chèche konnen kisa yo ye epi ekri yo yon kote. Rele meri vil ou a pou chèche konnen kisa vil ou a pral fè si ta gen yon ijans. Ekri plan sa a yon kote. Estasyon televizyon ak radyo lokal kapab ba ou enfòmasyon enpòtan pandan yon ijans. Ekri omwen twa estasyon televizyon oswa radyo lokal.

NON AK NIMEWO TELEFÒN ENPÒTAN

Ranpli enfòmasyon sa yo epi fè yon kopi pou chak moun nan fanmi ou.

Kontak Pou Fanmi Ou Nan Eta Ou Ye a

Non:
Vil: Eta:
No. telefòn (lajounen):
No. telefòn (lanwit):
No. telefòn pòtab:

Kontak Pou Fanmi Ou Nan Yon Diferan Eta

Non:
Vil: Eta:
No. telefòn (lajounen):
No. telefòn (lanwit):
No. telefòn pòtab:

Fanmi ki pi pre nou

Non:
Vil: Eta:
No. telefòn (lajounen):
No. telefòn (lanwit):
No. telefòn pòtab:

Nimewo Telefòn Travay Fanmi an

Manman:
Papa:
Lòt fanmi:

Nimewo Telefòn Konpayi Sèvis Piblik

Konpayi Elektrik:
Konpayi Gaz:
Konpayi Dlo:
Konpayi Telefòn:
Konpayi Kab Televizyon:

Lekòl

Adrès:
No. telefòn:

Lòt Lekòl Oswa Travay

Adrès:
No. telefòn:

Lòt Lekòl Oswa Travay

Adrès:
No. telefòn:

Lòt Enfòmasyon ak Nimewo Telefòn Enpòtan

Doktè:
Famasyen:
Asirans Medikal:
Nimewo Sekirite Sosyal:
Depatman/Distri Sante Lokal:
Veterinè:
Asirans Kay:
Non:
No. telefòn:
No. Polis :



Lakwawouj Ameriken ede moun prepare pou ijans epi li ofri asistans bay rezidan Connecticut lè gen dezast. Se pifò volontè ki travay pou ofri sèvis sa yo epi yo gratis.

Lakwawouj Ameriken se òganizasyon prensipal ki founi san pou 31 lopital Connecticut.

SA OU BEZWEN FÈ SI GEN YON IJANS

KISA POU MWEN FÈ?

- Rete yon kote ki gen sekirite epi branche sou estasyon televizyon oswa radyo lokal ou pou enstriksyon sou jan pou w rete san danje.
- Fè sa ofisyèl nan nivo eta ak loka yo di w fè.
- Gade pou w wè si gen okenn moun ki blese epi chèche èd pou nenpòt moun ki blese grav.
- RELE 9-1-1 SÈLMAN si gen yon ka lavi moun an danje. Li vrèman enpòtan pou kite liy sa yo ouvri pou moun ki bezwen yo.
- Rasire ou bèt domestik ou yo an sekirite.
- Rele kontak pou fanmi ou an - pa itilize telefòn nan ankò amwenske se yon ka lavi moun an danje. Pou apèl ki pa ijan, eseye voye yon tèks ak telefòn ou. Nan plizyè ka, tèk yo ap pase lè apèl yo pa pase.
- Voye je sou vwazen ou yo, sitou sa yo ki aje oswa andikape.

KISA MWEN PA SIPOZE FÈ?

- **PA** ale lopital amwenske gen yon ijans medikal.

KISA POU MWEN FÈ SI YO DI M RETE LAKAY MWEN? « SHELTER IN PLACE »

Nan kèk ka ijan, yo ka di w pou w pranabri lakay ou. Sa vle di ou dwe rete anndan kay la kèlkeswa kote ou ye epi pa soti. Ou dwe

- Rete kalm.
- Fè timoun yo ak bèt domestik yo rantre tou swit.
- Fèmen epi lòk tout fenèt ak pòt deyò.
- Pran kit atik pou ijans ou a.
- Ale nan yon chanm nan mitan kay ou oswa ale nan yon chanm ki pa gen fenèt si w gen youn.
- Louvri radyo ou epi branche sou yon estasyon nouvell lokal pou enfòmasyon.
- Rete kote ou ye a jiskaske yo di w li pap yon danje pou w deplase.

Si gen yon ijans chimik, nikleyè oswa radyolojik, ou dwe tou:

- Fèmen tout van ki fè lè deyò antre tankou vantilatè ak klimatizè.
- Si ou gen yon chemine, fèmen bagay pou bese dife a.
- Epi tou ou ka vle bouche chanm nan (gade «Jan Pou Bouche Cham nan » paj 7)

KISA POU MWEN FÈ SI YO DI M POU MWEN EVAKYE?

Si yo mande w pou w evakye, kite kote w ye a tou swit epi ale ak kit atik pou ijans ou a. Pa bliye pran nenpòt medikaman oswa atik medikal w ap bezwen pou detwa jou yo tou. Daprè sa k ap pase a, yo pral di w ki fason

ki gen mwens danje pou w evakye ak ki kote pou w ale. Epi tou ou kapab jwenn enfòmasyon nan estasyon televizyon ak radyo lokal yo.

VEYE EPI KOUTE:

Nan yon ka ijan, ofisyèl lokal yo gendwa pa ka ba w enfòmasyon ak di ou kisa pou w fè tou swit. Ou dwe plede tcheke estasyon televizyon ak radyo lokal ou yo, ak sou Entènèt la pou nouvell ak enfòmasyon ofisyèl lè li vin disponib.

KISA POU M FÈ AK BÈT DOMESTIK YO?

Lontan avan yon ijans rive, ou dwe fè yon plan ki eksplike kisa w ap fè ak bèt domestik ou yo pou asire yo jwenn swen si w bezwen kite kay ou. Ou dwe rele zanmi, fanmi, veterinè oswa pansyon pou bèt ki pa nan zòn ou an pou wè si y ap ka pran swen yo.

Pa bliye, bèt domestik pa ka antre nanabri Lakawouj yo. Se sèlman bèt sèvis k ap ede moun ki avèg ki pral ka antre. Pou plis enfòmasyon sou jan pou pran swen bèt domestik ou yo avan, pandan, ak apre yon ijans, vizite www.ready.gov/animals.

SISTÈM AVÈTISMAN IJANS LA

Nan Connecticut, nou itilize yon sistèm avètisman ijans ki rele Emergency Alert System (EAS) pandan ijan. Lè yo aktive EAS la, tout pwogram televizyon ak radyo kanpe epi yon mesaj ijans parèt. Li enpòtan pou w koute enstriksyon sa yo epi rete branche pou plis enfòmasyon. Pou yon lis estasyon radyo lokal nan Connecticut, ale sou www.ctba.org/stations.cfm.

KONSEY POU KOMINIKE PANDAN YO IJANS

Pandan yon ijans, anpil moun kapab ap eseye itilize telefòn mobil yo ak telefòn fiks yo an menm tan. Lè anpil moun ap eseye itilize telefòn yo an menm tan, sa ka rann li difisil pou apèl yo pase. Men kèk fason pou ede rezo telefòn yo kontinye travay pandan yon ijans:

- Limite kantite apèl ou fè lè se pa yon ijans
- Pa pale anpil nan telefòn nan
- Lè se pa yon apèl pou yon ijans, eseye voye mesaj tèks ak telefòn mobil ou a. Nan plizyè ka, mesaj tèks yo ap pase menm si li pa pase lè w ap eseye rele.

DEZAS NATIRÈL

Kapab gen yon dezaz natirèl nenpòt kote nan Connecticut. Kèk dezaz natirèl se gwo tanpèt, inondasyon ki vini tou vit, tanpèt nèj, siklòn ak tònad. Si gen yon gwo tanpèt, ou dwe gen yon flach, yon radyo ki mache ak batri, plis batri ak telefòn selilè paske ka pa gen kouran ak sèvis telefòn pandan plizyè jou oubyen menm plizyè semèn.

SA POU W FÈ AVAN YON DEZAS NATIRÈL:

- Asire w ou gen yon kit atik pou ijans ki pare.
- Konnen kisa diferan mo yo vle di:
 - Yon siveyans sou gwo tanpèt vle di kapab gen move tan ki danjere.
 - Yon avètisman pou move tan vle di gen yon tanpèt ki nan wout - chèche refij oswa al nan yonabri tou swit.
- Evakye si ofisyèl ijans yo di w sa. Planifye kote w pral rete pou detwa jou, si w oblije pati.

PANDAN YON DEZAS NATIRÈL:

- Ale nan yon chanm ki nan mitan kay la. Si pa gen yon tanpèt tankou yon siklòn oubyen tònad, ale nan pati ki pi ba lakay ou a, tankou sousòl la si w gen youn. Si inondasyon, ale nan pati ki pi wo nan kay o a.
- Ale ak kit ak atik pou ijans la.
- Plede tcheke estasyon televizyon ak radyo lokal yo ak sou Entènèt pou enstriksyon ofisyèl, tankou kote ki genabri, rapò meteyo, elatriye.

APRE YON DEZAS NATIRÈL:

- Gade pou w wè si pa gen moun nan fanmi ou ki blese.
- **PA MANYEN** oswa ale pre liy elektrik ki tonbe. Di konpayi elektrisite lokal ou a kote ou wè liy elektrik ki tonbe.
- Si gen blakawout, ou dwe fè atansyon ak manje ak pou w pa pran pwazon monoksid kabòn. Al gade «Blakawout » sou paj 9 pou plis enfòmasyon.
- Si gen yon inondasyon, rete lwen dlo inondasyon an. Dlo inondasyon an ka gen viris, bakteri, ak mikwòb ki ka fè ou malad anpil. Ou dwe konsidere tout manje, dlo ak medikaman ki pran kontak ak dlo inondasyon an kontamine epi jete yo.

Nan yon gwo tanpèt oswa inondasyon, ou ka gen vye dlo ki monte lakay ou. Dlo sa a gen bakteri, viris ak lòt mikwòb ki bay maladi. Yon kay ki gen vye dlo, tankou dlo pou pou ki monte ladan, se yon danje pou moun rete. Gen vye dlo ki monte lakay ou:

- Etenn kouran an si gen dlo oswa gen posibilite pou fil kouran yo touche dlo a oswa nenpòt bagay ki mouye.
- Pa floche twalèt yo
- Pa kite timoun ak bèt domestik yo ale kote vye dlo a menm.
- Mete gwo gan lè w ap touche nenpòt bagay ki gen vye dlo a ladan. Lave men w tou swit apre. Pa janm touche vye dlo ak men w toutouni.
- Rele depatman sante lokal oubyen nan vil ou a pou fè yo konnen gen yon vye dlo ki monte.

PREPARE YON KIT MACHIN IJANS POU LÈ W AP VWAYAJE PANDAN:

- lenn/sak pou kouche
- flach avèk pil rezèv
- kit premye swen
- kouto
- manje ki gen anpil pwoteyin ki pa ka gate (ba pwoteyin, ba sereyal ak ba fwi)
- rad rezèv pou rete sèch
- sak sab (oswa bagay ki sanble sab yo konn mete pou pou chat la)
- pèl
- babay pou grate ak pou bwose vit devan machin nan
- kit zouti
- kòd pou rale machin ak kab pou fè machin nan demare
- boutèy dlo
- bousòl ak kat wout

KALITE DEZAS NATIRÈL

TANPÈT NÈJ:

Nòmalmant rapò meteyo fè konnen davans si gen yon tanpèt nèj k ap vini. Si gen yon tanpèt k ap vini, evite kondwi epi, asire w ou gen manje ak lòt bagay ki pral dire ou pou detwa jou san kouran oswa sèvis telefòn. Si gen nèj, asire w priz pou aparèy elektrik yo pa gen nèj nan yo pou pa ge pwoblèm vantilasyon ak pou monoksid kabòn pa akimile. Epi tou asire w pip chofaj machin ou pa gen nèj oswa glas avan ou demare li.

INONDASYON KI VINI TOUT VIT:

Kouri monte yon kote ki pi wo. Dlo k ap kouri vin sou ou pandan yon inondasyon kapab lage w atè! Si w nan machin ou epi dlo ap monte bò kote ou, soti epi ale yon kote ki pi wo tou swit. Dlo a kapab pati ak machin nan sèlman 2 pye dlo k ap bouje.

SIKLÒN:

Yon siklòn se yon gwo tanpèt ki gen loray, kout zeklè ak gwo van. Yon gwo siklòn kapab gen van k ap soufle 75 mil pa èdtan oswa plis pase sa toujou. Sezon siklòn Connecticut kòmanse 1ye jen jiska 30 novanm. Si gen yon avètisman pou siklòn al chèche refij yon kote tou swit oswa evakye si yo di w pou w fè sa. Ou kapab aprann plis enfòmasyon sou sa pou w fè pandan ak apre yon siklòn sou Entènèt nan www.ct.gov/hurricane.

TÒNAD:

Si gen yon avètisman pou tònad, al chècheabri tou swit. Si w nan yon machin, kanpe. Soti epi kouche plat, figi w atè yon kote ki ba. Kouvi tèt ou epi tann tònad la fin pase. Si ou lakay ou, ale nan sousòl la, oswa nan yon chanm ki nan mitan kay la. Si w nan yon batiman ki wo ale nan mitan batiman an, tankou nan yon mach eskalye oswa koulwa.

IJANS BYOLOJIK

Bakteri, viris, ak pwazon ki kapab lakòz ijans byolojik. Yo kapab filtre yo nan lè a, itilize yo pou kontamine (pwazonnen) manje, epi mete yo nan dlo pou moun bwè. Kèk kalite kapab simaye lè moun antre an kontak youn ak lòt tou. Yon ijans byolojik kapab rive pa aksidan oswa lè moun fè esprè yo itilize mikwòb oswa lòt danje byolojik pou fè moun malad. Jan pou w pwoteje tèt ou depann sou kalite mikwòb la. Kèk mikwòb, tankou antraks, pa kapab pase nan men yon lòt moun ki genyen li. Lòt mikwòb, tankou lawoujòl, kapab pase yon moun a yon lòt. Si sa rive, yo pral oblije izole moun ki malad yo. Yo kapab fèmen moun ki pran kontak ak mikwòb yo yon kote poukont yo.

KISA SA VLE DI "KARANTÈN" AK "IZOLASYON " VLE DI?

Pou ede asire maladi pa simaye, yo kapab mete w nan karantèn oswa izolasyon. « Karantèn » vle di ou pa malad, men yo dwe mete ou lwen lòt moun paske paske ou kapab te pran kontak ak yon maladi ki kontaje oswa ki ka simaye yon enfeksyon, men ou poko malad. « Izolasyon » se lè yo mete ou lwen lòt moun paske ou malad. Bagay konsa rive souvan lè gen yon ijans biyolojik. Epi ou kapab fè bagay sa yo ou menm, menm si yo pa di w fè sa, pou ede maladi a sispann simaye.

AVAN GEN YON IJANS BYOLOJIK:

- Asire w kit atik pou ijans ou a pare.

LÈ GEN YON IJANS BYOLOJIK:

- Tcheke estasyon televizyon ak radyo lokal yo ak sou Entènèt pou enstriksyon ofisyèl. Yo pral di ou kijan pou w fè konnen si yon fanmi w malad, ki kote pou w ale pou swen medikal ak si y ap distribyè medikaman pou ede w.
- Toujou fè sa doktè ak ofisyèl yo di w pou w fè.
- Kapab gen liy ki chaje ak moun k ap tann pou jwenn medikaman, vaksen, ak swen medikal. Se sa ki fè ou ka bezwen gen yon ti pasyans.
- Si se yon maladi ki ka pase yon moun a yon lòt, yo kapab fèmen moun ki te pran kontak ak maladi a yon kote poukont li.
- **TOUT MOUN** dwe pratike bonjan ijèn ak rete pwòp pou evite simaye mikwòb la.

APRE FIN GEN YON IJANS BYOLOJIK:

- Tcheke estasyon televizyon ak radyo lokal yo ak sou Entènèt pou nouvèl, enfòmasyon ak enstriksyon ofisyèl.

Connecticut divize an zòn sante piblik pou rann li pi fasil pou bay medikaman pandan yon ijans. Si gen yon ijans, ofisyè eta ak lokal pral di ou ki lè ak ki kote pou w ale pou jwenn èd nan televizyon ak radyo w. Pou aprann ki depatman sante lokal ki responsab pou ba ou menm ak fanmi ou medikaman ak vaksen pandan yon ijans, ale sou go to www.ct.gov/dph/mda.

IJANS CHIMIK

Kapab gen yon ijans chimik lè gaz, likid, oswa materyèl solid ki ka pwazonnen moun lage nan lè a. Kalite ijans sa a kapab rive pa aksidan oswa esprè ak yon atak teworis.

Kèk pwodwi chimik gen anpil danje epi yo ka fè ou malad tou swit. Lòt pwodwi chimik gen mwens danje epi yo ka pa fè ou anyen. Nòmman pwodwi chimik ki likid oswa gaz gen plis danje pase pwodwi chimik ki se materyèl solid.

Lè w pwoteje tèt ou ak fanmi ou avan, pandan ak apre yon ijans chimik sa kapab ede w rete an sekirite epi nou pa tonbe malad.

Swiv ti etap senp sa yo:

AVAN GEN YON IJANS CHIMIK:

- Asire w kit atik pou ijans ou a pare.
- Chwazi yon chanm ki nan mitan kay oswa batiman ou pouabri. Chanm ki pa gen fenèt epi ki pi wo yo pi bon..

LÈ GEN YON IJANS CHIMIK:

- Fèmen tout pòt ak fenèt.
- Si ou gen yon chemine, fèmen bagay pou bese dife a.
- Fèmen tout vantilatè ak klimatizè ak aparèy chofaj ki pouse lè ki soti deyò anndan kay la.
- Si yo di w pou w rete kote w ye a, ou dwe:
 - Ale nan yon chanm ki anndan nèt ansanm ak kit atik pou ijans ou a.
 - Tcheke estasyon televizyon ak radyo lokal yo ak sou Entènèt pou nouvèl, enfòmasyon ak enstriksyon ofisyèl.
- Ou kapab vle bouche chanm nan (Gade « Jan Pou Bouche Chanm Nan » paj 7).

APRE FIN GEN YON IJANS CHIMIK:

- Lave kò ou ak savon ak dlo tou swit si w panse ou te pre yon pwodwi chimik.
- Chanje rad ou.
- Al chèche swen medikal si w santi w malad.

Si gen yon ijans byolojik oswa chimik, ofisyèl yo gendwa pa ka di ou kisa pou w fè tou swit. Li kapab pran tan pou yo detèmine egzakteman ki sa maladi oswa pwodik chimik la ye, kijan yo dwe trete li, ak kiyès ki an danje. Ou dwe tcheke estasyon televizyon ak radyo lokal ou yo, ak sou Entènèt la pou nouvèl ofisyèl apre ijans la pou w ka konnen:

- Degre danje a.
- Ki maladi ou kapab genyen.
- Kote w pou w jwenn medikaman si w bezwen.
- Ki kote pou w ale pou jwenn swen medikal oswaabri.

IJANS NIKLEYÈ AK RADYOLOJIK

Yon ijans nikleyè ak radyolojik kapab yon aksidan nan yon santral nikleyè, moun k ap itilize yon ti zam nikleyè oswa yon moun ki fè yon "bonm sal" pati. Lè yon bonm sal eklate, li voye materyèl radyo-aktiv ki gen anpil danje yon sèten kote. Efè radyasyon sou sante ou kapab bagay ki pa grav tankou fè po ou wouj, oswa li kapab grav tankou kansè oubyen menm lanmò.

AVAN GEN YON IJANS NIKLEYÈ OSWA RADYOLOJIK:

- Asire w kit atik pou ijans ou a pare.
- Ou dwe konnen ki kote ak kijan pou jwenn enfòmasyon nan vil ou a.
- Si w rete tou pre Estasyon Millstone (yon santral nikleyè), ou sipoze jwenn yon gid ki rele "Emergency Planning for Millstone Station" [Plan Ijans Pou Estasyon Millstone nan] pa lapòs chak ane. Pa bliye mete gid sa a nan kit atik ou ijans ou a.
- Si w rete mwens pase 10 mil yon santral nikleyè, ou sipoze konnen wout evakyasyon pou katye ou a.

LÈ GEN YON IJANS NIKLEYÈ OSWA RADYOLOJIK:

- Pandan ak apre materyèl radyo-aktiv la vin degaje, ofisye nan nivo lokal, eta ak federal pral kontwole nivo radyasyon an epi di ou ki sa ou dwe fè pou pwoteje tèt ou.
- Sa k ap pi bon an pral depann sou ijans la. Ou dwe branche sou estasyon televizyon ak radyo lokal ou yo, ak sou Entènèt la pou enfòmasyon ak enstriksyon pandan nenpòt ijans.
- Si gen anpil materyèl radyo-aktiv ki degaje nan yon ijans radyolojik, yo kapab di w pou pran "refij an plas," ki vle di rete kote ou ye a oswa yo kapab di w pou ou ale yon lòt kote.
 - Si yo di w pou ou pran refij an plas, men sa pou w fè: Fèmen epi lòk tout fenèt ak pòt.
 - Fèmen tout vantilatè, klimatizè, ak nenpòt chofaj ki mennen lè ki sot deyò. Itilize sèlman aparèy ki resikle lè ki deja nan kay la.
 - Fèmen bagay ki bese dife nan chemine.
 - Si ou kapab, fè bèt domestik yo antre.
 - Ale nan yon chanm ki anndan oswa nan sousòl la.
 - Ou kapab konsidere bouche chanm nan (gade « Jan Pou Bouche Chanm » sou laman dwat.
 - Kite radyo ou branche sou rezo repons pou ijans la oswa nouvell lokal pou konnen ki lòt bagay ou bezwen fè.
 - Pa kite abri ou ye a jiskaske ofisyèl lokal yo di w pap gen danje si w fè sa.
- Si yo mande w pou w evakye, swiv sa ofisyèl lokal yo di ou. Kite zòn nan byen vit epi ak lòd mezi li posib. Epi tou:

- Fèmen vantilatè, klimatizè, ak sistèm chofaj nan machin ou. Bagay sa yo pouse lè ki deyò ante. Fèmen tout van ak fenèt.
 - Ale kit atik ijans ou a, medikaman ou bezwen, rad rezèv, lajan ak kat kredi.
 - Ale ak bèt domestik sèlman si w ap itilize pwòp machin ou epi w prale yon kote ou konnen yo pral aksepte bèt. Nòmman machin ak abri pou ijans yo pral aksepte sèlman bèt k ap ede moun ki avèg epi yo kapab pa aksepte bèt domestik moun.

APRE FIN GEN YON IJANS NIKLEYÈ OSWA RADYOLOJIK:

Tcheke estasyon televizyon ak radyo lokal yo ak sou Entènèt pou nouvell enfòmasyon ak enstriksyon ofisyèl.

JAN POU BOUCHE CHANM NAN

Pandan yon ijans chimik, nikleyè, ou radyolojik, lè ki deyò a ka danjere. Pandan yon ti tan tou kout, « bouche chanm nan » ka ede ou pwoteje tèt ou ak fanmi ou kont move lè ki deyò a. Si ou ta wè yon pakèt debri nan lè a, oubyen si ofisye lokal yo di ou lè a danjere, ou kapab vle fè sa.

Chwazi yon chanm ki nan mitan kay ou oswa yon chanm ki pa gen fenèt pou abri. Lè ou al nan abri ou a, itilize riban adezif ak fèy an plastik pou kachte nenpòt pòt, fenèt, oswa van an ka pwodi chimik oswa radyasyon ka pase nan twou yo (koutè radyo ou pou konnen sa pou w fè). Nan de ou twa èdtan, ou dwe retire plastik ak riban adezif la an chanm nan. **Ou ba toufe si w rete nan yon chanm ki bouche twò sere pandan plis pase 5 èdtan.** Pou bouche yon chanm:

- Bouche tout fenèt ak kote ki gen van k ap antre nan yon chanm ak 24 mil fèy plastik ak riban adezif. Ou kapab vle mezire ak koupe fèy plastik la depi avan pou w pa nan pèdi tan.
- Koupe fèy plastik omwen sis pous pi laj pase ouvè epi mete etikèt sou chak fèy.
- Kole kwen yo ak plastik la avan, epi apresya mete riban nan tout pwent yo.

Connecticut gen plan espesyal an ka ta gen yon ijans nan santral nikleyè ki nan Estasyon Millstone nan Waterford, Connecticut la or Indian Point nan Buchanan, New York. Plan sa yo gen etap eta a pral pran pou pwoteje sante ak sekirite tout rezidan Connecticut. Si gen yon ijans nan youn nan santral sa yo, ofisyèl sekirite piblik pral kòmanse plan repons pou ijans eta a epi di rezidan yo kisa k ap pase ak kisa pou yo fè.

IJANS GRIP PANDEMI

KISA YON GRIP PANDEMI YE?

Yon pandemi grip se lè gen yon nouvo kalite viris grip ki fè moun tonbe malad atravè lemond. Li kapab dire plizyè mwa, afekte plizyè diferan kote epi li kapab yon gwo danje. Plizyè milyon moun atravè lemond kapab tonbe malad anpil. Plizyè moun kapab mouri. Nan ane 1900 yo, te gen twa pandemi grip, youn nan yo sete Grip Espanyòl 1918 la ki te tiye plis pase 40 milyon moun toupatou nan lemond (plis pase 500,000 Ozetazini). Daprè Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC), pandan pandemi grip H1N1 (grip pòsin) an 2009 la plis pase 60 milyon moun te tonbe malad, plis pase 274,000 te entène lopital, epi plis pase 12,000 te mouri Ozetazini. Pa gen pèsòn ki konnen kilè, ou ki kote ap gen yon lòt pandemi grip, men tout moun dwe pare.

KISA KI LAKÒZ YON GRIP PANDEMI?

Lè yon viris grip bèt mite (chanje fòm) epi li simaye bay moun.

SA POU W ATANN:

- Anpil moun a- tonbe malad
- Pral gen li byen long nan klinik ak lopital yo, pap gen ase medikaman
- Lekòl, biznis, boutik, bank, ak biwo leta ap fèmen
- P ap gen ase pwovizyon (manje ak dlo)
- P ap gen ase sèvis (kouran, dlo, koleksyon fatra)

KISA OU DWE FÈ:

- Fè efò pou w ka rete an sante. Manje yon rejim ki byen balanse epi rezoze ou byen
- Epi fè egzèsis chak jou
- Rete lwen nenpòt moun ki malad
- Pa ale lekòl oswa travay si w santi w malad. Rete lakay ou.
- Netwaye tout bagay moun pataje (telefòn, kontwa, bouton pòt)
- Tande pou lè lekòl ak travay fèmen
- Evite touche zye, nen, oswa bouch ou (se konte sa yo viris grip la atake)
- Asire w kit atik pou ijans ou a pare.

LE W AL TRAVAY PANDAN YON GRIP PANDEMI

- Rete lakay ou si w kapab oswa si w malad
- Fè plan pou fè travay ou ak mwens moun
- Ou kapab oblije fè travay lòt moun

Si ta gen yon pandemi grip ki pete, cheke estasyon televizyon ak radyo lokal yo ak sou Entènèt pou enfòmasyon ak enstriksyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou grip pandemi, ale sou www.ct.gov/ctfluwatch.

IJANS NAN DLO POU BWÈ

Kontaminasyon (pwodwi chimik oswa bagay ki gen anpil danje) dlo pou bwè pa rive trè souvan nan Connecticut. Sepandan, kapab gen kontaminasyon lè sistèm dlo tonbe, gen aksidan oswa atak teworis. Pa egzanp, bagay tankou pwodwi chimik oswa pou pouw bèt ak moun kapab antre nan dlo nou epi fè li yon gwo danje pou bwè.

Dlo w ap bwè kapab pa bon pou bwè pandan ak apre yon ijans, tankou yon siklòn. Konpayi dlo ou ak ofisyèl gouvènman ou pral di ou kilè ak si dlo pou w bwè a pa bon. Dlo ki gen chanjman an koulè, sant, oswa gou ki pa nòmal k sant oswa gen bagay k ap flote lajan PA janm pou itilize. Koute nouvel oswa konpayi dlo ou a pou konnen si dlo pa bon pou bwè.

Si w se yon pwopriyete kay nan yon zòn ki gen inondasyon epi pi prive ou a gen inondasyon ladan, ou dwe tou konsidere pi sa a kontamine. Ou dwe dezenfekte pi ki kontamine avan ou itilize li. Pou pa gen danje, ou dwe trete dlo ou oswa itilize dlo nan boutèy jiskaske ou dezenfekte pi ou a. Pou enfòmasyon sou jan pou dezenfekte pi, ale sou www.ct.gov/dph/floods.

Si yo di w ou dwe trete dlo pou w bwè a, itilize dlo trete oswa dlo ki nan boutèy lè w ap fè manje, lave fwi ak legim, bwose dan ou oswa fè lèt pou tibebe. Epi tou ou dwe trete dlo pou w lave men ou oswa itilize dlo boutèy pou lave men ou lè w ap fè manje. Granmoun ak gran timoun pa bezwen itilize dlo trete pou benyen, men yo dwe eseye pa bwè dlo ki pa trete oswa kite li antre an bouch yo. Tibebe, timoun pitit, moun aje, ak moun ki gen sistèm defans ki frajil dwe benyen ak dlo ki trete oswa nan boutèy.

JAN POUT RETE DLO

Ou kapab bezwen trete dlo ou oswa itilize dlo nan boutèy pandan yon ijans. Pou pwoteje tèt ou ak fanm ou, ou dwe fè YOUN nan bagay sa yo pou w ka sèten dlo ba bon pou bwè:

- Fè dlo w ap bwè a bouyi pou yon minit. Asire w pa gen anyen k ap flote nan dlo a avan ou bouyi li; OU
- Itilize boutèy dlo ki kachte; OU
- Ajoute ywit gout klowòks likid pou chak galon dlo transparan oswa 16 gout pou chak galon dlo ki pa transparan. PA itilize klowòks pou kay ki pafime oswa gen engredyan ki pa sèlman ipoklorid sodyòm paske li kapab yon pwazon; Pran san w pou w melanje dlo a byen epi kite li poze pandan omwen 30 minit avan ou itilize li; OU
- Ajoute tablèt pirifikasyon dlo jan yo di w nan pake a. (Lè w ap itilize pwodwi chimik pou trete dlo a, pa bliye melanje dlo a nèt epi kite li pou omwen 30 minit avan ou itilize li.)

DEPI WÈ YON BAGAY KI PA SA, SE POU W PALE

Si w remake moun oswa aktivite ki pa nòmal tou pre sous dlo pou bwè oswa kote yo kenbe rezèv dlo, ou dwe rapòte sa bay otorite lokal yo.

BLAKAWOUT

Depi gen yon blakawout rele konpayi kouran ou an pou di li sa. Nan Connecticut, pi gwo konpayi kouran yo genyen ladan yo:

- Connecticut Light & Power: 1-800-286-2000
- United Illuminating: 1-800-7-CALL-UI

PWOTEKSYON MANJE:

Manje ki nan frijidè ou oswa frizè ou ka pa bon pou manje si:

- Pa gen kouran pandan plis pase kat èdtan.
- Tanperati anndan frijidè ou a sou oubyen plis pase 45°F/7°C pandan plis pase dezèdtan.



Kenbe frijidè a ak frizè a fèmen pou l ka pwoteje manje a pandan plis tan.

- Kenbe pòt frijidè/frizè a fèmen lè gen blakawout pou kenbe li frèt.
- Manje ki fre ap bon sèlman pandan kat èdtan, pa plis.
- Frizè ki plen ak maje ap bon pandan sèlman 48 èdtan (24 si li demi plen).

Netwaye frijidè ak frizè ou apre yon blakawout :

- Lè yo bay kouran an, netwaye frijidè ak frizè a epi mete tout bagay deyò **AVAN** ou mete lòt manje ladan.
- Lave anndan frijidè ak frizè a ak savon ak dlo tyèd. Apre sa, siye anndan li ak yon ti dlo ½ gwo kiyè klowòks nan yon galon dlo. Kite pòt frijidè a ak frizè a louvri pou lè seche li.
- Kou li seche, fèmen pòt yo epi kite anndan frizè ak frijidè a frèt avan ou mete manje ladan.

Pou yon lis manje ou dwe jete apre te gen blakawout pandan lontan, ale sou www.ct.gov/dph/poweroutage/food.

LÈT MANMAN

- Pou lèt tete manman nou te mete nan frizè w la, si ou ka wè ti glas ladan, ou ka remete li nan frizè a.
- Si lèt tete manman and te dekonjele (pa gen ti glas), itilize li avan 48èdtan pou bebe ki an sante epi avan 24èdtan pou bebe ki te fèt prematire oswa ki malad.

MONOKSID KABÒN (CO) :

Lè gen blakawout pandan yon ijans, tankou yon siklòn oswa tanpèt, kèk moun ka itilize jeneratris pòtab pou kouran ak recho yo itilize deyò pou fè manje oswa chofaj. Si yo mal itilize jeneratris oswa recho yo sa ka fe CO akimile nan yon kay, garaj, oswa lòt kote ki fè yo ka pwazonnen moun ak bèt ki anndan. Pou evite pwazon CO:

- **PA** itilize jeneratris pòtab anndan kay, garaj, sousòl oswa lòt kote ki fèmen, tankou yon galri ki fèmen. Itilize jeneratris pòtab sèlman deyò epi omwen 20 pye ant lakay ou ak kay vwazen ou. Mete jeneratris ou yo lwen pòt oswa kote ki gen van ka p soti.
- **PA** itilize recho chabon, recho gaz oswa recho pou kanping anndan kay ou.
- **PA** itilize chofaj propane (gaz ki ka pran dife) ou kewozin anndan kay ou.
- **PA** itilize gaz ki nan fou w la pou chofe kay ou.
- Verifye avan pou w wè si detektè CO yo enstale nan chak etaj lakay ou ak deyò kote moun dòmi. Chanje batri yo chak sis mwa epi ranple detektè CO ou chak senk ane.

ENPÒTAN: Menmsi ou louvri fenèt ak pòt, epi ou itilize vantilatè sa PA ase pou CO ki ka touye w akimile lakay ou.

Bagay ki se siy yon moun pran nan pwazon se bagay tankou grip : mal tèt, fatig, toudisman, kè plen, vomisman, oswa pèdi konesans. Siy sa yo kapab sèl bagay ki avèti w sa paske ou p ap ka ni wè ni pran sant CO. Si ou menm oswa fanmi ou gen siy pwazon SO, soti rele 9-1-1 ak yon telefòn pòtab oswa kay yon vwazen.

Pou plis enfòmasyon sou monoksid kabòn, ale sou www.ct.gov/dph/co.



PA itilize jeneratris pòtab oswa recho pou itilize deyò anndan kay ou.



Omwen 20 pye.

SELMAN itilize jeneratris pòtab ak recho pou itilize deyò yo deyò.

NIMEWO TELEFÒN AK SITWÈB ENPÒTAN

PANDAN YON IJANS RELE 9-1-1

Depatman Sèvis Ijan ak Pwoteksyon Piblik Connecticut 1-860-685-8190

www.ct.gov/demhs

www.twitter.com/ctdemhs

www.facebook.com/ctemhs

Depatman Sante Piblik (DPH) 1-860-509-8000

www.ct.gov/dph/prepare

www.ct.gov/dph/prepare

www.twitter.com/ctdph

Sant Kontwòl Pwazon Connecticut 1-800-222-1222

Liy Enfòmasyon United Way 2-1-1

Lakwawouj Amerike 1-877-RED-CROSS (1-877-733-2767)

www.redcross.org

Liy Konsèy

Pou Rapòte aktive teworis ou sispèk 1-866-HLS-TIPS (1-866-457-8477)

Estasyon radyo ak televizyon Connecticut yo se sous ki kapab ba ou enfòmasyon atan pandan yon ijans.

KIJAN MWEN KA EDE?

- Rele Lakwawouj Ameriken nan 1-877-RED-CROSS (1-877-733-2767) pou pran yon randevou pou bay san.
- Kontakte òganizasyon/ajans k ap bay asistans nan zòn ou a pou wè kisa yo kapab bezwen, tankou rad oswa manje.
- Pran yon kou fondamantal sou jan pou bay Premye Sekou ak ede moun reyanime.
- Konsidere antre nan yon ekip repons pou ijans nan kominote w [Community Emergency Response Team (CERT)]. Kontakte meri ou a pou plis enfòmasyon.
- Konsidere ofri sèvis volontè pou yon ekip repons pou sante piblik. Kontakte depatman/distri sante lokal ou a pou plis enfòmasyon.
- Si w se yon pwofesyonèl nan domèn swen sante oswa ou nan retrèt, oubyen si w pa yon pwofesyonèl nan domèn swen sante epi ou ta renmen ofri tèt ou pou travay kòm volontè pandan yon dezast nan yon lopital oswa rezèv medikal lokal/rejyonal, ale sou www.ct-esar-vhp.org ou www.ctmrc.org epi enskri jodiya menm.
- Fòmè yon pwogram siveyans nan katye w la pou nou pa prepare pi byen pou si ta gen yon evènman alavni.



Se Sant Pou Kontwòl ak Prevansyon
Maladi federal la ki te finanse Kanpay
Preparasyon Connecticut sa a.